Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан

№ 26 (7166)
26 июнь 2015 с.
Рузман
Багьа 5 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с.

Унсоколо районалъул газета «Садовод»

sadovoduns@yandex.ru

Зирани СППК: пихъил сезон

## Завод хIадурго буго



**Доб Совет хIукуматалъул заманалда нилъер районалда букIана цоялдаса цоял кIудияв лъабго завод. Гьеб бихххун хадуб дагь-дагьккун заводазул хIалтIиги чIезе тана.**

**Жиндир мунагьал чураяв, ТIагьирил ВухIама чIаго вугеб заманалда, гьес хIалтIизабулеб букIана ансадерил завод. Гьелъул лъикIал хIасилалги рукIана. Гьабсагlаталда хlалтlулеб завод буго гlицlго «Зирани» СППКялда.**

2005 соналда цIидасан реконструкция ги гьабун къачIана ва хIалтIизе биччана Зирани СППКялъул консервазул цех. Щибаб соналдаго гьелъ лъикIал хIасилалги кьолаан. ГIицIго компот, чIагIа, сокал гурелги, гьенир хIадурулаан цIамул лъелъе бараб помидор, паста, помидоралъул сок, охцерал. ГIадамаз гьелъ лъикIго росунги унаан.

-Араб соналда киса-кибего куракал ва цогидалги пихъал хун рукIана ва заводалда гIицIго солениял, чIагIдал сокал гурони гьарун рукIинчIо,-ян бицана СППКялъул нухмалъулев М-ХI. Имангъазалиевас. Солениялъул гьарун рукIана 25 азарго шартIияб банка. Гьел ва сокал лъикIго ричана.

Исана киса-кибего пихъалги лъикI рижун ругелъул нижеца хIисабалде босун буго I50 тонна ахбазаналъул босизе ва гьелъул лъикIаб продукцияги гьабизе буго.

Гьеб мурадалда нижеца кинабго оборудование хIадурун буго ва тIадеги босун буго сок тIолеб линия, ай 0,5 литраялъул шушбухъе пихъил сокалги тIун гьезул кIал къалеб линия. Къокъго абуни СППКялъул гьитIинабго завод пихъ къабул гьабизе хIадурго буго.

## «Золотой юбилей» мокърол ах

Зирани СППКялъул 20 сотыхалда мокърол ахги буго. Гьелъие цIар кьун буго «Золотой юбилей»,-абун. Щибаб санайилго лъикIаб бачIин бакIарула мокърол ахикьа. Хаслихъе гьеб гIадамаз босун уна ахикьеги рачIун ва гьелъ магIишаталъе лъикIаб хайирги кьолеб буго. Ахие бажарун хъулухъ гьабулеб буго МухIамадов ВухIамагъазица.

Исанаги бер баледухъ бижун буго ахикь микьир. Щибго щаклъи гьечIо гьелъул хайиралъ магIишаталъул нухмалъулел рази гьаризе рукIиналда.

## Наязе хъулухъ

20 тIала наязеги хъулухъ гьабулеб буго ВухIамагъазица. Гьел рацIун хадуб жеги тIаде рачIана щуго тIала.

Гьедин хайир кьолеб бакIлъун лъугьун буго жакъа Зирани СППК.

*ГI. МУХIАМАДОВА*

Расул ХIАМЗАТОВ

## Лъабабилеб бомба

Рагъул ахир букIана,
Лъабго бомбаги босун,
Япониялде ана
Американал роржун.
ТIоцебесеб бомбаялъ
БухIана Хиросима –
Хваразул рагIад дида
Дирго гурищан ккана.
КIиабилеб бомбаялъ
ЧIинтIана Нагасаги,-
ЧIваразул рахъу дида
Дирго гурищан ккана.
Лъабабилеб, ахираб
Бищун хIинкъараб бомба
ГIадамал данделъараб
Дунялалда рехичIо.
Нух къосунищ лъаларо,
Къо накIкIалъищ бахчараб,
Ялъуни летчикасул
Намусалъищ гьукъараб?
РехичIо гIаламалде
ГIажалалъул аздагьо,
Амма буго жеги гьеб
Жакъаги хIинкъи кьолеб.
Хиросима, щиб жо гьеб?
Нагасаки, щиб жо гьеб?
Жинде ирга щванани
Щущазе буго дунял.
Гьеб ахирияб бомба
Ахир буго гIумрудул,
ГIадамаз лъимал руго
ХIинкъадго данде къалел.
ХIалхьи биччалеб гьечIо
Лъабабилеб бомбаялъ,
Балагьун буго Москва,
ГIенеккун буго Париж.
Рохъдолъан баккун буго
АхIдолеб Хиросима,
Квералги цере рорхун
Гьардолеб буго гIакъло.
Лъабабилеб бомба гьеб
Хваразул рагIадазул,
Лъабабилеб рагъ буго
Ругъназдул дунял цIураб.

Росдал магIишат

## Бахчабазул культураби гIезаризе

Гьал къоязда Минсельхозпродалда бицана «Белая дача» компаниялда республикаялда бахчабазул культураби гIезариялъул хIалтIи унеб бугеб куцалъул. Гьелъие битIухъего тIадкъай кьуна Р. ГIабдулатIиповас. Данделъиялда бахчабазул культураби гIезариялъе бакIазда ракьал ратIа гьареянги бихьизабуна. Гьенибго бихьизабуна салатазул культураби рекьиялъе санагIатаб заман чIезабизе, ракьалъул качество лъазабизе. Гьеб ишалъе экспериментализе участка бихьизабуна гIодобе биччараб климат бугеб Дербент районалъул территориялдаса. Гьединго хIалбихьи лъазабизе Краснодар краялде ритIизе руго хасал гIадамал.

## Рагъулеб буго птицекомплекс

Дагъистаналъул МухIарамкент районалда июлалда хIалтIизабизе къезе буго кIудияб птицекомплекс. Гьениб гIезабизе буго «Эффективный АПК» приоритетнияб проекталда рекъон бройлеразул гьан. Импортнияб техникаялдалъун хьезабураб комплексалда кIвезе буго республикаялда гуреб гьеб бахун къватIибехунги гьан бичизе. ЛъагIалида жаниб комплексалъ гIезабизе буго 4500 тонна чIагояб цIайиялъул бройлеразул гьан.

Экстремизм - терроризм

## КТОялъул иргадулаб режим



**Гьал къоязда Унсоколо районалда спецоперация тIобитIулаго хвана Россиялъул МВДялъул жанисел ишазул аскаразда хъулухъ гьабулев вукIарав рагъухъан. ЧIван вуго гьединго кIиго боевик,-ян лъазабуна гIадлу-низам цIунулел органаздасан нижехъе бачIараб лъазабиялда.**

КТОялъул иргадулаб режим Буйнакск ва Унсоколо районазда хIалтIизабизе байбихьана араб итни къоялъул къасде. ГIадлу-низам цIунулел хIалтIухъабазда гъачагъазул блиндаж батула Генуб росдадаса рикIкIад гьечIого. Байбихьана къвагьа-гIанхъи. Гьелъул хIасилалда тIагIинавуна кIиго яргъид гIуцIарав бандит. Цоцазде къвагьдолаго хвалилаб ругъун щвана Россиялъул МВДялъул жанисел аскаразул контрактник – рагъулав хъулухъчиясда.

«Гьабсаг1аталда НВФялъул гIахьалчагIи, гьезул кумекчагIи ралагьиялъе ва гьел тIагIинариялъе тадбирал гьарулел руго»,-ян лъазабуна Дагъистаналъул оперативияб штабалъ.

Спецоперация тIобитIулеб букIиналда бан заманаялъ рахан букIана гендерил тоннель. Спецоперация лъуг1идал тоннель ц1идасанги рагьана.

## ЛъикIаб бачIин щвела

**Улкаялдаго агропромышленнияб комплексалъул хIалтIул рахъалъ лъикIал хIасилал руго ахирияб заманалда Дагъистаналъул. Россиялдаго тIоцебесеб бакI ккола республикаялъул гIиял бетIер, бахчабазул культураби, цIибил гIезабиялда хурхун. Квешал гьечIо хIасилал пулав гIезабиялъулги**

20 азарго гектаралда пулав бекьун буго республикаялъул плантациязда. Гьениса бакIаризе хIисабалде босун буго нусиялда къого тонна. Гьабсаг1аталда гьеб бакIариялъе нилъедаса цебе буго Краснодар край, амма рес буго гьаб соналда гьездаса Дагъистан цебе бачIиналъе.

Краснодаралъулаз бачIин цIикIкIун бакIараниги пуладул тIагIам гIемерго лъикIаб буго нилъер. Гьединаб букIиналъ цогидал регионаздаса гьеб тIалаб гьаби цIикIкIарабги буго.

Гьел хIужаби рачана гьал къоязда букIараб пресс-конференциялда росдал магIишаталъул ва квана-гьекъолел жалазул рахъалъ министр Баттал Батталовас.

Гьабсаг1аталда плантациязда лъикIго бижун буго пулав. Гьелъул лъикIаб бачIин щвезе букIиналда щаклъи гьечIо. ТIад бан унеб буго гьелъие хъулухъ гьаби.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 26 (7166)*
*26 июнь 2015 сон*
*2 гьумер*

Ахираб заманалда наркоманиялда сверухъ ахвал-хIал республикаялда квешаб бугилан абизе бегьиларо. Щайгурелъул, чанго соналъ цебе гIадин ахирал соназда республикаялда наркотикал хIалтIизарулезул къадар цIикIкIунеб гьечIо, цого бакIалда чIун буго.



# Дуего гIажал балагьуге

## (27 июнь - Халкъазда гьоркьосеб наркоманиялде данде къеркьеялъул къо)

***<u>Республикаялда наркоманиялда хурхун бугеб хIалалъул бицунеб буго Дагъистаналъул наркологияб диспансериялъул бетIерав врач М. ХIайдаровас.</u>***

Наркоманалин абун хIисабалде ро-сулел къойидаса къойиде дагьлъулел руго. ХIисабалдаса рахъулезул хIисаб гьабуни, нилъер гьаниб Россиялъул цогидал регионазде дандеккун, иш гIезегIан лъикI буго. Диспансералъул хIисабалда ругезул къадар бахуна анлъазарго чиясде. ХIисабалдаса рахъула щуго соналъ наркотикал хIалтIизаричIел г1адамал.

**ЗАХIМАЛЪАБИ**

-Киса-кибего гIадин нилъер республикаялдаги тIибитIун буго СПАЙС наркотик. Гьелда сверухъ хIалтIи гьабулеб буго наркоконтролалъги, жанисел ишазул министерствоялъги, гьездаго цадахъ нижецаги. СПАЙС, дезоморфин гIадал наркотиказде даде къеркьолел ниж рукIаго химиказ ургъун ратула цIиял наркотикал ва гьел тIиритIула хехаб куцалда. Гьеб хIужаялъ цIакъ квекIенлъи гьабула нижее. Гьединлъидал



захIмалъулеб буго наркотикал, гьел гъорлъ ругел препаратал тIуранго тIагIинаризе. Цоги, нилъеда лъалаха наркотиказде черх ругьунлъани, гьелдаса кигIан рикIкIалъизе бокьаниги, унтарасе цIакъ захIмат букIунеблъи. Дир хIисабалда, наркомания бищунго цебетIезабулеб буго аптекабаз. Гьенир наркотикал гъорлъ ругел препаратал бокьухъе ричулел ругебгIан заманалда наркомания лъугIизе гьечIо.

**КЪАДАР ДАГЬЛЪУЛЕБ БУГО**

- Наркоманал сах гьарулев 7I тохтур вуго жакъа республикаялда. Гьезул 30 вуго МахIачхъалаялда. ЦIакъ заахIмат буго махщел камилав нарколог валагьизе. Медицинаялъул учреждениялде лъугьунез тIаса бищулеб гьечIо гьеб рахъ, киназего къваригIун буго хирургаллъун, стоматологаллъун рахъине.

Диспансералъул щивав хIалтIухъанасда хадуб бухьинабун букIуна кIи-кIи, лъаблъаб район ва кварталалда жаниб цо нухалъгIаги гьев бакIалде ун балагьула бугеб ахIвал-хIалалъухъ.

Жидеего бокьун рачIарал чагIи гурого нижеца сах гьаруларо, гьарунги бажаруларо. ХIалалъ наркотикал рехун тарал чагIи ргIичIо.

Реабилитациялъул центраздаги медицинаялъул къагIидаялъ гуро гIемерисел наркоманиялдаса тIезе гьарулел. Медицинаялъул хIалтIухъабаз кумек гьабула, пачалихъалъ социалияб кумек гьабула. КIулалги ран къараб туснахъ гIадинаб бакI букIунин ккола нилъер гIадамазда реабилитациялъул центр. БукIунаро, реабилитациялъул централде нижеца ритIула унго-унгоги наркотиказдаса ратIалъизе бокьарал чагIи.

**РУЧЧАБИГИ КАМУЛАРО**

- 20-33 сон барал гIолилал руго гIемерисел наркоманал. Наркотикал хIалтIзарулел руччабазул къадар буго лъабго процент. Цогидал регионазда дандеккун гьеб дагь буго. Амма наркотикал хIалтIизарулел руччаби Дагъистаналда рукIин буго нечезе ккараб хIужа.

**АСЛИЯБ ГIИЛЛА**

- Наркоманал гIемерлъиялъе аслияб гIилла буго хIалтIи гьечIолъи. Эбел-инсул берзукьа, кверзукьа рорчIарал, гьабизе жо гьечIел гIолилаз тIаса бищулеб буго квешаб нух. Гьединлъидал, къваригIун буго республикаялъул нухмалъиялъ гьеб рахъалде кIвар буссинабизе.

## Летние каникулы

# О проведении надзорно-профилактической операции «Отдых»

В целях стабилизации обстановки, а также в соответствии с планом основных мероприятий Главного управления МЧС России по РД с 01 апреля по 01 сентября в республике проводится надзорно-профилактическая операция под условным названием <u>«Отдых – 2015».</u>

На территории Унцукульского района в 2015 году задействовано 2 стационарных детских оздоровительных лагеря.

В период данной операции будут проводиться надзорно-профилактические мероприятия, направленные на повышение пожарной безопасности на объектах отдыха и оздоровления детей, в том числе плановые (внеплановые) мероприятия по надзору за противопожарным состоянием оздоровительных учреждений с привлечением заинтересованных организаций.

Основной проблемой на сегодняшний день на указанной категории объектов остаются вопросы выполнения противопожарных мероприятий, требующих значительного финансового обеспечения. Наиболее распространенными нарушениями требований пожарной безопасности являются:

- отсутствие или неисправность автоматических систем противопожарной защиты (автоматической пожарной сигнализации и системы оповещения и управления эвакуацией людей при пожаре);
- несоответствии эвакуационных путей и выходов требованиям нормативных документов по пожарной безопасности;
- нарушение правил монтажа и эксплуатации электрических сетей и электрооборудования;
- отсутствие или неисправность источников наружного и внутреннего противопожарного водоснабжения;
- отсутствие огнезащитной обработки деревянных конструкций чердачных помещений.
- не проведение обучения пожарно-техническому минимуму руководителей и сотрудников учреждений, ответственных за пожарную безопасность.

Информируя об изложенном, в целях предупреждения пожаров на объектах отдыха и оздоровления детей, недопущению травмированию и гибели людей на них определением надзорной деятельности по Унцукульскому району управления надзорной деятельности и профилактической работы Главного управления МЧС России по РД предлагает руководителям детских оздоровительных учреждений:

1. Провести профилактический осмотр и ремонт электрических сетей и электрооборудования.
2. Организовать и провести обучение обслуживающего персонала объектов отдыха и оздоровления детей, учреждений мерам пожарной безопасности, действиям в случае возникновения пожара.
3. Поручить лицам, ответственным за пожарную безопасность объектов отдыха и оздоровления детей, разработать графики проведения практических тренировок по обработке планов эвакуации людей. Предусмотреть проведение практических занятий по обработке действий обслуживающего персонала и учащихся образовательных учреждений при эвакуации из здания в случае возникновения пожара один раз в месяц.
4. Рассмотреть вопрос создания формирований добровольной пожарной охраны на объектах отдыха и оздоровление детей, находящихся за пределами нормативного радиуса выезда подразделений государственной противопожарной службы.
5. Провести планово-прафилактические осмотры и ремонты систем автоматической противопожарной защиты.
6. Обеспечить безопасность людей в зданиях путем приведения в надлежащее состояние путем эвакуации.
7. Объекты с ночным и круглосуточным пребыванием людей обеспечить аварийным освещением, электрическими фонарями.
8. Очистить чердачные и подвальные помещения, пути эвакуации и территории от сгораемых материалов и мусора, двери на чердаки и в подвальные помещения содержать закрытыми на замки. На прилагающих территориях запретить сжигание отходов.
9. Организовать проверку систем внутреннего и наружного противопожарного водоснабжения.

# Время для особой бдительности родителей

На всей территории РФ наступили летние каникулы, у детей закончился очередной учебный год. Многие дети готовятся поехать на отдых к морю, в дома отдыха, детские оздоровительные лагеря и к бабушкам. А в месте с тем основная масса детей остается дома, без присмотра старших и родителей. Получается, что они не вовлечены ни в какие общественные детские организации и не участвуют ни в каких детских мероприятиях. От безделья слоняются из угла в угол. А как известно безделье порождает неадекватные поступки. Это разведение костров вблизи населенных пунктов, а то и во дворах домов, в садах, в лесных массивах, а иногда и детская шалость, которая приводит к страшным последствиям, угроза жизни самих детей от своих же поступков и т. д.

Чтобы не происходили такие факты нам всем необходимо занять детей чем то полезным, научить их к чему то полезному, а лучше всего, как говорил великий педагог 20 столетия Макаренко – это трудотерапия. Во время Советского Союза были прекрасные традиции, когда воспитанием детей занимались не только родители, но и львиную долю обязанностей и ответственности по воспитанию детей на себя брало государство. Но в настоящее время, увы, нет Советского Союза и нет тех обязательств, которая страна взяла на себя. Так, что нам самим придется растить, воспитывать, и оберегать своих чад. В связи с чем необходимо в первую очередь организовать проведение своим ребенком каникул в безопасности. Необходимо провести с ними разъяснительную профилактическую беседу о мерах безопасности в быту, в лесу и на воде. При возможности лучше всего отправить ребенка в летний оздоровительный лагерь.

При принятии всех необходимых мер предосторожности детей и их родителей летние каникулы пройдут в позитивном ракурсе.

Во все времена благополучия и безопасность человека зависела только от него самого. Так, что уважаемые «Унцукульцы» проявите к себе и к своим детям внимание по обеспечению безопасного время препровождения в летние каникулы.

**К. М. ШИХАЛИЕВ,**
**начальник ОНД по Унцукульскому району УНД и ПР ГУ МЧС Росии по РД**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 26 (7166)*
*26 июнь 2015 сон*

3 гьумер

Исана Дагъистаналда школалда цересел учреждениял раялъе бихьизабун буго 500 мл. гIагарун гъурущ. Гьелъул I60 млн. гъурущ буго регионалияб бюджеталдасан. Бихьизабун буго школалде рахъиналде цересел учреждениял разе Дагъистаналъул ясли-садал гьечIел росабалъ. Гьел рихьизариял гIумроялде рахъинариялъе кьучI лъолеб буго





# ГIолохъанлъи

## «Пикро цебетIурал лъималазул» бергьенлъаби

ЗахIматалда тIегь бараб букIана гьаб цIалул сон районалъул лъай кьеялъул управлениялъе. Гьаб соналъул январалдаса нахъе районалъул 95 цIалдохъанасе ва гIолилазе I, II, III бакIал щвана республикаялъул кIвaралъул олимпиадабазда ва къецазда. Гьединал пикро цебетIурал лъималазулгун хIалтIи гьабиялде цIикIкIараб кIвар кьолеб буго районалда. Управлениялъул лъай кьеялъул учреждениязда рагьун руго



гьединал лъималазе банк. Гьезулгун хIалтIи гьабулеб буго цIалул соналъул байбихьудасаго гьарурал планазда рекъон. Олимпиадабазда, конкурсазда ва къецазда цересел бакIал щваразе ва гьел хIадурарал педагогазе ахирисеб цIумур кьабулеб къоялъ кьуна ХIурматалъул грамотаби. «РДялъул одаренные дети и молодежь» банкалде баянал кьун руго бергьарал 95 цIалдохъанасул ва гIолиласул.

# ЛъукъараБ ракI

(ХIакъикъияб хабар)

ГьабсагIаталда чанго лъади ячиналде гIолилал ахIулел харбал гIемерлъун руго диниял гIадамазда гьоркьоб. Гьел СМИяздасанги къватIире кьезе хIалбихьулел руго. Амма руччаби ва гьарурал лъимал хьихьизе бажарулищ жакъасел гIолилазда,-абураб суалги бачIуна.

Абула (с. т. гI. в.) МухIамад аварагас рачанин гIемерал руччаби,- абун. Лъималазул эбел, хирияй Хадижат хвезегIан гьелде тIаде цониги чIужу ячинчIо Расулас. Рачана гьей хун хадуб, дин тIибитIизабиялъе квербакъизе. Амма жакъа гIемерисел лъудбуца хьихьун ругел бихьина зе бигьалъиладай гьезул кумек гьечIого чанго чIужуялъе магIишат гьабизе. Гьеб гуребги хIадурго ругищ гьелъие нилъер руччаби, гьединал ишаз рихххизариларoдай хьизанал, кьотIноре раларoдай гьаб хабаралда гIадин лъимал!?

Радалгоги лъикIго букIараб гьавабакъ кьалъудаса хадуб накIкIаз зобги бахчун, цIидасан пуриги бахъун лъугьана. Жакъа кIиабилеб къо букIана гьедин гьава хисизе лъугьаралдаса.

Бихьулеб букIана рии араблъи ва гьанже кверщел хаселалъухъе щвараблъи. Порода цадахъ рачIунел рукIана гьутIбуздаса гIодоре гьварал тIамхал, хер-гIучI. бубудулеб оц гIадин букIана рагьдухъ гьури.

Лъималги регизе гьарун цIоролъ чIучIуней йикIана Хатимат. Тохлъукьего гьалъул нуцIа бухулеб гьаракь бахъана. Вай гьединаб кватIараб гIужалда вачIунев чи щивдай? Хатимат тIад чIван кIудияб кIазгун рокъоса къватIие яхъана. Азбралъуб букIараб гьой хIапдезе лъугьана. Кавудахъе щведал гьалъ ахIана, щив гьанив вугев?,-абун. -Дун вуго Мухтар, каву ричIе хехго,-ян ахIана гьес. Хатиматица каву ричIана, жаниве вачIана гьалъул рос цадахъ чугун, чода тIад цоги чигун. ЛъикI вуссарав, Мухтар, хехго чуги бокьобе биччан тIаде раха, гьорол кутак бихьуларищ,-янги абун гьалъ росасухъа чIолохъжо босула.

-Хатимат, лъимал кин ругел? -ЛъикI руго Мухтар, гьанир гьоролъ чIун щибулел, рилъахъа тIаде, щив, чода вугев чи унтарав чийищ вугев, шурулев гьечIин. – Гуро, Хатимат, гьалъай дир чIужу йиго!

- ВахI, единищха, Мухтар, иш букIараб,-янги абун гьай рагьиде яхана ва рокъое жание лъугьана.

ГIадамаз бицунеб рагIун букIана Мухтар цоги гIаданги ячун, гьелъул росулъ вугилан, амма божун йикIинчIо, берда бихьизе хъван букIун буго,- ян пикраби гьарулел рук1ана Хатиматица.

Гьай лъималазда аскIое йилъана, гьел кьижун рукIана.

-СагIадат, яхъа дир яс тIаде, эмен вачIун вугин. СагIадат боржуларого рукъ сверун ялагьана




-Баба, кивха эмен вугев, рокъов щивго гьечIо, рагьдаги гьорол гурони гьаракь гьечIо...

-СагIадат цIидасан тIадегIан юргъанги цIан егана.

НуцIихъе гIагарлъулеб букIана хIатIил гьаракь. Гьеб рагьана, жаниве вачIана гьелъул рос ва жеги цIар лъаларей гьасул чIужуги.

Хатимат жиндиргоги лъималазулги ретIел-хьит бакIаризе лъугьана. СагIадат - дада,-ян гьаракьги гьабун экерун инсул гарбида хурхана. Гьелъул гьаркьихъе ворчIана Мурадги ва СагIадатто гIадин инсуда аскIове векерун ана.

Хатиматил берал магIил цIуна. Лъималазул рохарал гьаркьаз Мухтар рекIеде вачIине гьавуна, гьас лъимал каранде къана, цо жо ракIалде щвараб гIадин лъималазул кверал гарбидаса рахъана.

-Хатимат, мун ине бегьила, лъимал анир те, баркала гьанжелъизегIан гьазие гьабурабщиналъухъ. Гьанже гьал цIияй эбелалъ хьихьизе руго.

- Йохъ, Мухтар, дица лъимал гьанир тезе гьечIо, дида кIвеларо гьалги гьанир тун ине,-янги абун эбел гIодизе лъугьана. Щиб гьаниб лъугьунеб бугебалиги лъаларого, лъимал цоцахъ ралагьана.

-СагIадат, дир яс, тIад горде ретIе, Мурадги къачIай, нилъго кIудияй эбелалъухъе рилъине.

-Дица абунаха, Хатимат, лъимал гьанир рукIунилан ва мун айиланги. ГьабсагIат лъималаз лъай-хъвай гьабила эбелалъулгун.

Гьас аскIой яхъун чIун йикIарай гIаданалдаса буртина ва тIагъур бахъана, цебе рехун бачIана бахIаралъул цIияб ретIел, гьей Мухтарие гьимана. Гьас рукъалъул бокIнида букIараб бакI босун бахIаралда гьоркь лъуна.

-СагIадат горде тIад ретIине лъугьана. Инсуе гьеб рекIее гIечIо.

-СагIадат, щиб мун эбелалда цадахъ инехъинищ йигей, гьелъ абурабги гьабун, а дурго, цо дагьалъ нахъа ячIина ракI бухIун. Мухтарица аскIов вукIарав васасе кисиниса бахъун конфет кьуна ва гьежги ккун аскIовегIанги вачун абуна:

- Гьале, дир вас, жакъаялдаса дур эбел, дой йиччан те жиндиего бокьаралъуре ине. Вас эбелалухъ валагьана, гьелъул берал магIил цIун ругоан.

-Дада, дун дирго эбелалда цадахъ ина, дие якьинаро чияр эбел. – Дуца бицунеб щиб, дир вас, воре тIокIаб гьедин абуге, гьале дадал сагIатги кьела анив чIани. Гьес васасул хъатиниб лъуна сагIат ва жиндаго аскIов гIодов чIезавуна.

Эбелги ясли къачIан рахъана. Вилъа, дир вас, Мурад, вахъа мунги гьанив тун унеб мехалъ кIолеб гьечIин ине,-вичччай Мухтар гьев, лъимал цоцаздаса т1езе гьаричIого, кIиго батIияб гIамал лъугьинабичIого, нилъ тIурал гIела цоцаздаса. – Хатимат, цо абуна дуда нахъе айилан, гьасие бокьун букIарабани, гьав дуца абизегIанго чIелароан.

Гьес тIадеги вахъун нуцIа рагьана ва бецIаб сардилъ расниги нечечIого «нух битIаги»,- ян, чIужуги жиндирго ясги рокъоса къватIире ритIизе. Пулеб букIана пури, цебеяздаса цIикIкIун, ццидалго, гьазда тIад бугеб ратIлида жемулеб букIана гьелъ жиндирго ццидалаб квачI. Гьал кьотIноре лъугьана, гьений эбел нахъ ялагьана, лъалхъана, гьелъ гIодилаго абуна: «Мурад эбелалъухъе вачIа, эбел кIочонге, мун гьенив чIелилан дир хьул букIинчIо, макъратIис киниги гьенив чIана мун». СагIадатица эбелалъул квер цIана, гьей рекIеда ячIарай гIадин лъугьана ва кIодоэбелалъухъе ана гьел.

КватIараб гIужалъ горда кIутIидал гьей къватIие ячIана. Вуя, шиб лъугьараб, дир яс, гьадинаб сордоялъ къватIиве чи вахъунищ, хехго жанире рачIа. Гьел жанире лъугьана, щибха гьабилеб, дир эбел, бухьине кканаха анибе сапар. КIодоэбел щибго бичIчIичIого ялагьана гьазухъ. – Мурад кив тарав, дир яс? – Кивха телев, эбел, инсуда аскIовха, цIияй эбелалда аскIов. - Щиб эв вачIиневищ вачIарав, кингIаги эсда кIвараб гьадинаб гIужалъ нуж къватIире ритIизе. – Лъаларо дир эбел, ниж макьихун ругин, регизе бакI гьабуни цIакъ бокьилаан. – Регаха дир яс, бокьаралъуб, бокьани доба рокъоб, бокьани гьанир наралда тIад.

Эбелалъ наралда тIад бусен гьабуна, СагIадат гьений егарайго кьижун ккана, бокьун букIана къаси ккарабщинаб жо макьу букIине. Радал гьай йорчIана гIадамазул гаргаралъ. Гьай тIаде йорхана. Гьазул рокъоб букIанщинаб жо босун бугоан гьенибе. – Яхъа, дир яс, гьаб къайи рекъолелъуб лъезе кумек гьабе,-ян абуна хадубги эбелалъ.

Гьедин биххана СагIадатил эбелинсул рукъ ва доб къоялъ лъукъараб ракI сахлъичIо гьалъул.

*УмахIабият ГIАБДУЛАЕВА.*
*Унсоколо росо.*

# Адабияталъул гъастIа



## Огъ, нуж магIарулал!

Огъ, нуж магIарулал, нуж магIарулал,
РукIинчIо нуж гIадал, нужер умумал.
ВатIан тIутIулелъул, тIанклилъги рахчун
Рамазан вачIиндал, рорчIун руго нуж!
Рорхатал хъулби ран, хъахIилаб ралъад
Сверун къалеб мехалъ, къанщунги рукIун,
КъватIал лъухьейилан абураб рагIи
Бищун гIад бихьарал, нуж магIарулал!
МухIамадгIалица жиндирго хъулухъ
Васасухъе кьедал, гIадлъичIо, нужей
ГIадамазда релъун, рац1цIад рукIа,-ян
КIалъазе бегьичIо, гьав магIарулав.
Рамазан вачIинчIо, Дагъистаналде
Чидар захIмат кванан, кусбиги цIалтун,
БикьичIо халкъалъе, гьес чакар-конфет
Посол, фермер гуро, камерсант гуро.
Бицине нечарал багьналги ратун,
ЧIваге магIарулал, гьасда гIайибал,
Гьав хIалтIи гьабизе витIарав вуго
ТIуран сурун рукIун, нилъ цIогьодиялъ.
Кього соналъ улка бикьун ругьуназ
Къараб рачел буго гьав какиялъе,
Кибго данделъабахъ, гьасий хъатги чIван,
Нахъасан какизе гIалам лъун буго.
ЧанцIул вачIаниги Сергей Меликов
Рамазан вахъизе вачIун вукIуна,
Ав вахъун лъезе чи, асдаса лъикIав
Хважалмахьи гIаги ватун гьечIодай?
«МагIу чвахичIого гIодизе лъалел
Релъи-хъуй гьечIого рохизе лъалел»,
Лъуна гури гIодор, нуж гьал доллараз

## КIалккун моцI

Баркат-рахIматалъул, рахIмо-цIобалъул
Гьале тIаде щвана рамазанаб моцI,
Дунял гIуцIулезе гIазаб, гIакъуба
ГIибадат камилаз, квер бачунеб моцI.
КигIан багIариялъ хIал гьабуниги
ХIалакълъуларев, мун, кIалал ккунилан,
ХIабибасул малъи гIадахъ босулез
Босилеб гьелдасан гьарзаго хайир.
Хварал эбел-инсухъ зияраталъ ун
Эзул рухIал рехсон цIалараб къулгъу,
Къасде мажгиталъув, жамагIаталда
Имамасда хадур рарал тарахIал.
Къо гьитIинаб мехалъ ккун гIоларищан
ГIакъло мукъсаназул мекъал пикраби,
Куй бихьун къунцIулеб квасалъул нухи
Исламалде рокьухъ кьолеб ажру-мухь.
Бахъе кIвараб жигар гIибадаталъе
ГIумруялъул инеб, дур цойги лъагIел,
ГIумруялъул къоял, рикIкIун кьурал жал
Кьолой дурго айгъир СиратI бахине.
ГIамал берцин гьабе, гIибадат куце
Цояб камун цоялъ хайир кьолареб,
Бусурманлъиялъул гIорхъи какгин кIал
Киналъулго бетIер, берцинаб гIамал.
Нужер ккурал кIалал, рахъарал сахIал
ХIал кIолев Аллагьас, къабул гьареги,
Гьелъул щвараб кири сабаблъунги ккун
Рахьаги ХIабибгун доб МахIшаралда.

## Сидрат Меджидовалъе къадар ккедал

Сидрат Меджидова рухI босаниги
Ниж магIарулазул, къилбаялъул цIва,
Ункъого соналде гIумру гIунтIичIей
ГIайибни бугоан, мун ракьулъ лъезе.
МагIарул халкъалъе, Малла Насрудин
Чан батIиял ролал хIарал халкъалъе,
Сайгидсалим гIадин хъунсида кIутIун,
АхIичIищ халкъалъе рокьул саринал.
Артисткаги мун, кочIохъанги мун
Хъат дуе къабураб тIолго гIумроялъ,
ГIарани хъаладухъ тарбия щварай
ЩвечIеб росу бугищ Дагъистаналда?
МагIарул гIадатги гIамалги цIунун
Авар театргун ана дур гIумру,
ГIантлъиялда къабгIун, гIаданлъи беццун
Биценалъ хутIана дур гIумрудул нух.
Сидрат, мун кидаго кодоб пандур ккун,
МагIарул халкъалъе кучIдул ахIарай,
Дур къаданиб зани хъирул чIваниги
ЧIагоязе калам тараб ракьалда.
Сидрат, йитIун ккарай лагълъун ятаги
Нукар-накирасе жаваб кьезе лъан,
ЛъикIлъиги квешлъиги батIа бахъизе
Малъулеб букIана, дур цееяхъин.



Даим ролал хIараб, гьеб кIалгIаялда
ЧIвай чIегIераб байрахъ, мун арай лъазе,
ГIумруялъ мун тIасан хьвадарал болъахъ
Бюсть лъе, Сидратилан бикIун цIарги хъван.

ЖабрагIил-хIажи ХАЛИДОВ.

## Дир кучIдузде гIайиб чIваразде

Коммунист партиялъ куцарай дида
Кинха гIадлъиалареб бикъараб гIарац,
Кодой босулареб батараб копейк
Щай захIмалъиалареб бахъараб сетка.
ХIалтIуде кватIани выговор кьолеб
КьогIаб заманалъул дир нусго гъурущ,
Дандеги бакIарун босараб сетка
БокьичIо, гIадамал, бахъун батизе.
Изба читальный зал занкIун цIунги тун,
Рагъида бакIида регIана къоял,
АнцIго минуталъги дун кватIанани
Лъезе гIарзачагIи къачIараб хъулухъ.
Эхол банкаялъул бицунгутIизе
Кидал бакIарилеб хIалалаб гIарац,
ХIосенил гъурщазул, щай рехсолареб
ГIияда, гIалхазда, зах1мат кьун щвараб

## Араб куц аб гIумро

Дица куцан тараб культурадул рукъ
ЙикIанин рехсолеб бакI хутIун гьечIо,
АнсалтIа рикьарал грамотаби
Ракьулъедай арал, тIагIун ратанин.



КочIол куркьбал рекун, гIодой хутIана
ГIамирханил АхIмад рикIкIаде ккедал.
Эчеда босараб «первое место»
Щайдай кIочон тараб культураялда,
Махсаро гьабуна цо хIакимасе
ХIалтIуде йосизе рес гьечIищилан
Мун гIадинал херал хIажат гьечIилан
ХIеренго шурана, нахъегIанги чIун.

## Гьудуллъун телarищ?

Дун иххдал тIегь йиго, тIад саву ккарай
ТIегьалароандай, дур хIухьел чIвани,
Дун Мадина йиго гегу биларай
Данде гIагарлъизе гьоркьохъан щвечIей.
Байдаби гвангъулеб, гургинаб гьумер
Гьарунчи витIилин,тIад велъиладай?
Сардил канлъи кьолеб шишадул чирахъ
ХIелун кIалъанани мутIигIлъиларищ?
Гьоболлъун телarищ, турказул месед,
ТалихIалъул кIулги духъ бугин кколин,
Гьалмагълъун телarищ дун сапаралда
Сардил макьабазул ханги мун вугин.
ГьотIол каранлъ бугеб, берцинаб хIава
Квер дуде гIунтIани, къанщаниги щиб,
МугIрул тIогьиб бугеб, батIияб ритIучI
ТIад буссун бачIани шапаниги щиб.

## Хъиндалазул вас

ТIоцебесеб маялъ тIугьдулги дий кьун
ТIагIана цевеса цо берцинав вас,
ЛъикI щварай гьоболин, дидаги кIалъан
ХIули кодобги тун, ана хIинчI боржун.
ТIогьолаб маялда тIугьдул цIилъула
ЦIилъун буго гIищкъу, дуде батараб,
Ихдал хинал къояз ракIал цIилъула
РекIелъ накIкI лъун буго, дуца лъукъараб.
ВачIа, чIалгIарав вас, гьал дир сариназ
Сордо-къо лъачIого цIехолев вугин,
РештIа дир рагъида хъиндалазул хIинчI
ХIасраталъ цIураб ракI, дуе рагьилин.
Жеги гIищкъу гьечIеб гIолохъанлъуда
Дица кIвар гьабичIо, дов гIолиласде
Хъиндалазул росулъ, тIоцеве лъарав
Васал, нужода гъорлъ, дов кинав, бице?!

* * *

Инсул кьибил буго кьурун дидаса
Кьурарал михъазул бицунгейилан,
Кьолбол васал руго барщун дидаса
Берцинал беразухъ балагьунилан.

Бицинарин тарал чалухал берал
Берцинго дидехун щай гьим-гьидулел?
КIалъаларин тарал жавгьарул кIутIби
Жаниб ракI бекизе, щай гаргадулел?

* * *

БухIилеб угьдилеб керенги буго
Кибе кагъат хъвалеб, духъе кьейилан,
МагIица беццлъулел бералги руго
ГIарза лъиде хъвалеб, мун валагье,-ян.
Бахъараб, дур сурат, сун рекIелъ лъураб
Лъиданиги нахъе бахъизе кIвечIеб,
БитIараб дур кагъат бальго гьабичIеб
Щив дагIбаданиги бихъун балареб.

Сидрат ГЬИМАТОВА.
ЦIатIанихъ росо

Районалъул «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго Балахъуни росулъа нижер штаталда гьечIев мухбир ГъазимухIамадов МухIамадида ва тIолабго гIагарлъиялда гьесул эбел

**ПатIимат**

хвеялда бан. Аллагьас гьелъие ахират лъикIаб кьун батаги, нахъе ругезе гIумроги халалъаги.

Районалъул лъай кьеялъул Управлениялъул тIолалго хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго Балахъуни гьоркьохъеб школалъул учитель Имангъазалиев Сагьлода ва тIолабго гIагарлъиялда гьесул яц

**СахIибат**

хвеялда бан. Аллагьас алжан насиб гьабеги гьелъие, нахъе ругезе сабруги кьеги.


| | | | |
|---|---|---|---|
| Газета основана 1937 г.<br>УЧРЕДИТЕЛЬ:<br>Администрация Унцукульского района<br>Главный редактор<br>САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД<br>Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.<br>Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции:<br>51373<br>Унцукульский район<br>с. Унцукуль<br>ул. Мустафаева 28<br>Телефон редактора<br>55-63-07<br>sadovoduns@yandex.ru | Адрес издателя:<br>г. Махачкала<br>«Дом печати» ул. Акушинского 21<br>Подписано в печать -25. 6. 15 г. 16.20<br>фактически -18.30 мин.<br>.......................................<br>Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках<br>Тираж - 1500 экз. |